DIGLE YI

Soo jotee bataaxal bi lay woo ci nga def test bi, Toppal jeego yi ci ñaari nataal yii, toppal jeego 1 Ak jeego 2, soo noppe nga dem ci jeego 3.
Soo amul bataaxal bi dangay jeggi yooyu nga jàll ci jeego1 bu nu tollanti.

1 **Xóllil xammekaay bu mag bi ci xëtu xammekaay gi** (gi nekk ci dig kit bi), **soo noppee nga bind këyit bi.**



2 **Bu ndaw bi bind ci bis** bi nga def test bi. **Taf ko ci booru bu tàpp ndaar u buteel** ci kaw 'Tur' ak 'Bis' yuñu bind ba noppi ci biteel bi.



1 bis **Bindal këyitu xammeekaaygi** ak raññekaay bi nekk ci digg pàccu këyit gi.



2 bis Taf ko ci boor bu tàpp ndaar u buteel bi ci kaw 'Tur' wi ak 'Bis' bi yuñu bind ba noppi. Gannaaw loolu nakk ngeen jàll ci jeego 3.

3 **Tafal këyit gi ngay jëlee dem-kër yi ci paxu wanag wi jëfandikool këyit guy tafu;** bësal ndànk këyit gi ngir amal ab xoot-xoot.

SOLO SI: ngir test bi antu dem-kër yi waruta jaxasoo ak lu ndoxe (saw, odusawel, …).



4 **Bësal saañ bi ngir ubbi biteel bi.**



5 **Jëlal bànt bi nga xoos ci kaw dem-kër yi ci béréb yu bokkul.**



6 **Catu bànt bi bi nga xoosee war na taq ay dem-kër.**



7 **Tëjaatal bu baax biteel bi nga yëngal ko ak doole.**



8 Settantaatal ndaxam mottali nga te taf nga bu baax xammekaay bi ci kaw biteel bi.

Dugalal biteel bi ci biir mbuus mi koy aar.



9 **Dugalal ci ambolon test bi ci: mbuusu kaarange gi def biteel bi ak këyitu xammekaay gi bi ñu mottali.**

Tëjal mbar mi.

10 **Mbar boobu warees na ko yónnee ci post ba ci 24 waxtu boo noppée def test bi.**

Dinañu la yónne njureef yi ci 15 fan jaarale ko ci post bi.

Soo ko bëgge jot ci internet bindul ci biir daluweb bii **www.resultat-depistage.fr**

NGIR YENEEN LEERAL

- laaj sa dóktoor.
- Dugal ci daluweb **www.e-cancer.fr**, pàcc «Saytu Wergu-Yaram".
- ci telefon **0 805 123 124** (Njéguum Wootè ci biir réwmi) Ci njëgu benn woote biir dale ko altine ba ajjuma 9 waxtu ba 19 waxtu. Ak samdi ci 9 waxtu ba 14 waxtu.
- Dem ci kër yiy toppatoo mbirum saytu wërgu-yaram ci sa diiwaan.

LAAJ YUY FARAL DI AM

- **Ba kañ Lanu mana jëfandikoo test bi ?**
  Bind nanu bis bi muy jeex ci wetu biteel bi.
- **Reeralnaa walla biteel bi yàqu na lan laay def ?**
  Laajal beneen bu bees sa dóktoor.
- **Jëlin misaal wi doxeewul nim ware Lan laa wara def ?**
  Laajal sa dóktoor dinala xelal te dina la jox test bu bees.